

Konbyen lajan Sèvis yo Ap Koute?

Sèvis APS yo gratis pou tout adilt ki bezwen yo, kèlkeswa revni yo.

Ki Dwa Moun yo Genyen?

Adilt yo gen yon dwa pou pran desizyon yo. Yo ka chwazi pou aksepte oswa refize sèvis APS ofri yo. Nan ka bezwen ki enpòtan anpil, Depatman Sèvis Sosyal gen obligasyon pou fè entèvansyon pou pwoteje moun nan.

Kimoun Mwen ta Dwe Rele?

Rele Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services) lokal ou epi mande nimewo telefòn Biwo Sèvis Pwoteksyon Adilt (Adult Protective Services Office) konte kote w ap viv la.

Sticker with local # here

Oswa rele Liy Èd Sèvis Adilt ki gen anplwaye Sant Apèl Sèvis Imen OCFS ladan.

1-844-697-3505



Adult Protective Services

A Bureau of the Office of Children and Family Services

Capital View Office Park

52 Washington Street
Rensselaer, New York 12144

Ale sou sit wèb nou:
ocfs.ny.gov

Pou rapòte abi ak move tretman sou timoun, rele nimewo: **800-342-3720**
TDD/TTY: 800-638-5163

Pou jwenn enfòmasyon sou Lwa konsènan Tibebe Abandone (Abandoned Infant Protection Act), rele nimewo: **866-505-SAFE (7233)**

Pou sekirite timoun ak adilt yo, swen nan fanmi plasman, ak enfòmasyon sou adopsyon, rele nimewo: **800-345-KIDS (5437)**

Pou Liy Èd Sèvis Adilt, rele nimewo: **844-697-3505**

Pou # jwenn enfòmasyon sou sèvis pou moun ki avèg, rele: 1-866-871-3000
1-866-871-6000 TDD

Si ou soud oswa si ou mal pou tande, rele founisè Sistèm Relè nan Videyo epi mande pou yo konekte ou avèk nimewo telefòn ou vle rele a.

"...ap ankouraje byennèt ak sekirite timoun nou yo, fanmi nou yo, ak kominote nou yo..."

Dapre Lwa anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York (New York State Office of Children and Family Services) ap mete dokiman sa a disponib nan fòma ki apwopriye sou demann.

Pub-1326 - HC (Rev. 05/2016)



Adult Protective Services

A Bureau of the Office of Children and Family Services

Pwoteksyon Adilt kont Abi ak Neglijan



**Ale sou sit wèb nou:
ocfs.ny.gov**

Kimoun Ki Bezwen Èd?

- Adilt, ki gen laj 18 tan oswa plis, ka bezwen sèvis pwoteksyon pou plizyè rezon:
- Yo gen yon andikap fizik oswa yon andikap mantal;
 - Yo pa kapab pwoteje tèt yo ankò kont neglijan, abi oswa sitiwayon danjere;
 - Yo pa kapab satisfè pifò bezwen debaz yo pou manje, rad,abri oswa swen medikal; epi
 - Yo gen moun ki vle oswa ki kapab ede yo nan yon manyè responsab.

Èske Ou Konnen Yon Adilt Ki Bezwen Èd?

Gen siy avètisman ki endike zanmi, vwazen, ak manm fanmi yo ta dwe aprann rekonèt lè:

- ▶ Pa gen siy aktivite nan kay kote yon moun apa viv poukont li; lèt ak jounal lapòs pote ka fè pil.
- ▶ Yon adilt frajil gen yon maladi mantal oswa li depannde moun pou pran swen li k ap fè li abi.
- ▶ Ou remake yon adilt k ap mache deyò nan tan ki frèt anpil san li pa gen rad apwopriye.
- ▶ Yon vwazen ki se yon granmoun aje vin frajil, li soufri malnitriyon, epi li refize èd ou ofri li.
- ▶ Yon moun andikape oswa yon granmoun aje montre kò li grafouyen oswa lòt siy posib abi fizik.
- ▶ Yon moun montre li gen konfizyon ak distraksyon nan zafè lajan, lè li pa peye bòdwo li yo.

Kisa Mwen Kapab Fè?

Yon manm fanmi, yon zanmi, yon vwazen oswa lòt moun ki konsène ki enkyete pou yon moun ki ka bezwen sèvis pwoteksyon adilt kapab rele Depatman Sèvis Sosyal.

Ou ka fè rekòmandasyon yo san ou pa bay non ou. Sètènman, moun ki rekonèt yo bezwen èd la toutbon ka rele pou tèt yo.

Ki Sèvis Ki Disponib?

Sèvis Pwoteksyon Adilt (Adult Protective Services, APS) kapab bay sèvis pou ranfòse mwayen yon adilt pou viv nan kominote a toutotan li posib. Men kèk nan sèvis APS kapab bay:

- ▶ Ankèt sou demann pou èd.
- ▶ Yon vizit nan kay la pou idantifye bezwen yo epi pou fè aranjman pou bay sèvis yo, swen medikal oswa lòt resous ki nan kominote a.
- ▶ Konsèy pou moun nan ak pou fanmi an.
- ▶ Sèvis pou kontwole lajan.
- ▶ Rekòmandasyon nan sèvis legal.
- ▶ Èd pou jwenn lòt aranjman pou viv.
- ▶ Sèvis pou jwenn yon responsab legal.
- ▶ Sèvis moun k ap fè antretyen kay/moun k ap fè menaj nan kay/travay nan kay nan sèten ka.
- ▶ Èd pou jwenn lòt avantaj ak sèvis.

Men Fason Yon Moun ki Konsène Yo Te Kapab Bay Èd...

Yon jèn fanm k ap viv nan yon bilding ki gen apatman te retounen nan bilding nan apre yon ti vakans, epi li te vin konsène lè li te remake yon pil jounal nan pòt vwazen li yo ki se granmoun aje.

Li te konnen yo te sipoze lakay yo depi lè li te pale avèk yo anvan li te ale. Li te sonnen Li te sonnen sonèt la epi li te jwenn gason an te tonbe ak pran chòk nan janm li. Madanm li te gen konfizyon epi li te pè sòti deyò poukont li, poutèt sa yo pa t gen manje nan apatman an.



Jèn fanm nan, ki remake li pa t kapab kontwole sitiwayon sa a poukont li, te rele Depatman Sèvis Sosyal zòn nan pou èd. APS te planifye swen medikal ak èd pou travay nan kay pou yon ti tan jouk lè koup la kapab fè kontwòl poukont yo ankò.